

Kitab Suci Bocah
nyuguhaké

Mulabukané
Kasedhihané
Manungsa



Ditulis déning: Edward Hughes

Digambari déning: Byron Unger; Lazarus

Dibesut déning: M. Maillot; Tammy S.

Diterjemahaké déning: Endang Supardan

diproduksi déning: Bible for Children
www.M1914.org

©2010 Bible for Children, Inc.

Kowe duwé hak motokopi utawa nyithak crita iki,
waton ora kanggo diedol.



ALLAH NGASTA SAMUBARANG!
Ing wektu Allah ngasta manungsa
sepisanan yaiku Adam, dhèwèké
manggon ing Taman Éden karo
garwané, Kawa.



Sakaroné ngalami kabungahan sing sampurna, tansah manut dhawuhé Gusti Allah lan ngrasaaké ayem tentrem cedhak karo Gusti Allah.


Kaya mangkono,
nganti ing sawijining
dina ...





"Apa Allah ngendika yèn kowé ora pareng mangan wohing saben wit?"

pitakonané ula marang Kawa. "Awaké dhéwé kepareng mangan kabèh who kajaba siji" wangsulané. "Yèn kita mangan utawa ndemèk who iku, kita bakal mati." "Kowé ora bakal mati," jaréné ula kanthi julig.





"Kowé bakal dadi kaya Allah." Kawa banjur képéngin ngrasakaké wohing wit iku. Dhèweké ngrungoaké kandhané si ula lan mangan woh iku.



Sakwisé Kawa ora manut dhawuhé Allah, dhèweké ngajak Adam supaya uga mangan woh iku. Kuduné Adam mangsuli, "Emoh! Aku ora gelem nglawan dhawuhé Gusti." Nanging Adam ora mangkono.





Bareng Adam
lan Kawa tumiba ing
dosa, sakaroné padha ngerti yen padha wuda.
Sakaroné banjur nganyam godhong-godhongan
dadi clemek kanggo nutupi awaké lan ndhelik
ing grumbul, isin lan wedi yen Gusti rawuh.




Ing wayah soré pas énak hawané Gusti rawuh nang Taman. Gusti pirsá apa sing wis dilakoni déning Adam lan Kawa. Adam nyalahaké Kawa. Kawa nyalahaké si ula. Gusti Allah ngendika, "Ula iku kena supata, kena ipat-ipat. Wong wadon iku bakal ngalami lara banget yen nglairaké bayi."



"Adam, amarga kowé wis tumiba ing dosa, mula bumi kena ipat-ipat, bakal ngetokaké eri lan rerungkudan. Kowé bakal rekasa lan kudu ngetokaké kringet yen arep mangan utawa golek rejekimu saben dinané."





Allah ndokokaké Adam lan Kawa
ing sanjabané taman sing éndah
iku. Sakaroné wis nandhang
dosa, mula kapisahaké saka
Allah sing Murbèng Ngaurip,
Sing Paring Urip.





Allah ngasta pedhang sing mawa geni mulad-mulad kanggo njaga supaya sakaroné tetep ana ing njaba. Allah ngasta pakéan saka kulit kanggo Adam lan Kawa. Saka ngendi to Gusti Allah mundhut kulit iku?




Suwéning suwé, kulawargané Adam lan Kawa tambah anak-anak sing lahir. Anak lanang mbarep, jenengé Kain, tani, seneng tetandur. Anak lanang nomer loro, Abil, ngingu kéwan ingon-ingon.



Ing sawijining dina Kain atur pisungsung marang Gusti Allah, arupa sayur-sayuran. Abil atur pisungsung marang Gusti arupa wedhus, dipilihaké sing paling apik sing diduwèni. Gusti remen marang pisungsungé Abil.



Gusti Allah ora rena penggalihé tumrap pisungsungé Kain. Kain banjur nesu banget. Nanging Gusti Allah ngendika, "Yen kowe nglakoni apa sing bener, apa ya sira bakal ditampik?"




Nepsuné Kain ora ilang. Ora
let suwe saka kadadéyan iku,
ing ara-ara dhèwèké nyerang
marang Abil - lan mateni Abil!




Gusti Allah ngendika marang Kain. "Nang ngendi adhimu Abil?" "Kula mboten mangertos," wangsulané Kain ngapusi. "Punapa kula punika pamomongipun adhi kula?" Gusti Allah banjur ngukum Kain srana mundhut kabisané Kain ing pagaweyan tani, lan ndadekaké Kain tukang nglembara ana ing bumi.



Kain banjur lunga saka ngarsané Gusti.
Dhèwèké kawin karo anaké Adam lan
Kawa liyané. Sakaroné padha
mbangun kulawarga.




Suwé-suwé, anak putu lan buyuté
Kain ngebaki kutha sing dibangun
déning Kain.



Kacarita, kulawargané Adam lan
Kawa cepet tumangkar. Ing wektu
iku manungsa umuré luwih dawa
banget tinimbang manungsa zaman
saiki.



Nalika Seth putrané lanang lair, Kawa ngucap, "Gusti Allah maringi aku Seth kanggo ngijoli Abil". Seth dadi wong mursid, umuré nganti 912 tahun, lan duwé anak akeh.



Ing alam donya, bangsa-bangsa tumangkar
turun tumurun, nanging manungsa
sangsaya suwé sangsaya jahat.
Pungkasané, Gusti Allah mutusaké
yen umat manungsa kudu
disirnaake kabeh,
uga ...



... sakabehé kewan lan bangsa manuk. Gusti Allah gela déné wis nitahké manungsa. Nanging ana wong siji sing nyenengaké penggalihé Gusti ...



Wong iku jenenge Nuh, utawa nabi Nuh.
Nuh iku keturunané Seth, Nuh uga wong
sing tumindaké apik tanpa cacad ing
ngarsané Gusti. Nuh tansah
nyuwun panganthiné
Gusti ing
salaku-lakuné.



Dhèwèké uga mulang marang anak-anaké
lanang telu, supaya mbangun-turut marang
Gusti Allah. Lah, Gusti Allah kagungan
rencana arep ngagem Nuh kanthi
cara sing anèh lan ora ana
padhané. Istimewa
banget!



Mulabukané Kasedhihané Manungsa

Crita saka Pangandikané Gusti, Kitab Suci

bisa digolèki ing

Purwaning Dumadi 3-6

“Kawedharipun pangandika Paduka punika
madhangi.” Jabur 119:130



cunthel



Crita Kitab Suci iki nyritaaké bab Gusti Allahé awaké dhéwé sing luwar biasa, sing nitahaké kita kabèh, sing ngersaaké supaya kowé wanuh marang Panjenengané.

Gusti Allah pirsá yèn awaké dhéwé wis nglakoni prakara sing èlek-èlek, sing disebut déning Gusti Allah, dosa. Ukumané dosa iku pepati, nanging Gusti Allah banget olèhé ngasihi marang kowe, mula ngirim Putrané Ontang Anting, utawa Putra sing ora ana Tunggale, asmané Yésus, supaya séda disalib. Yesus diukum sebab dosa-dosamu. Banjur Gusti Yésus wungu manèh saka séda lan kondur menyang Swarga! Yen kowé pracaya marang Gusti Yésus lan nyuwun pangapura tumrap dosa-dosamu, Panjenengané bakal maringi pangapura! Panjenengané bakal rawuh lan urip nang atimu saiki uga, lan kowé bakal urip bareng Panjenengané saklawasé.

Yen kowé percaya yen iki bener, mara matura marang Gusti mengkéné: Gusti Yésus ingkang kawula tresnani, kawula pitados bilih Paduka punika Gusti, lan sampun manjalma dados manungsa supados séda kanggé nyirnaaken dosa-dosa kawula, lan sakpunika Paduka sampun gesang malih. Mugi rawuha ing gesang kawula lan apuntenana sedaya dosa kawula, supados kawula nggadhahi gesang énggal ing wekdal punika, lan Bénjang badhé sesarengan kaliyan Paduka salaminipun. Mugi mitulungi kawula supados saged tansah mbangun turut dhumateng Paduka sarta gesang kagem Paduka, dados putra Paduka. Amin.

Maca Kitab Suci lan geguneman karo Gusti Yésus saben dina! Yohanes 3:16

